



e-Tips for Families

Etabli Objektif

Etabli e reyalize objektif enpòtan paske sa ba nou yon sans objektif e li ka amelyore konfyans nan tèt nou ak amou-pwòp. Natirèlman, timoun renmen etabli objektif.

Yo konnen kisa yo vle ye “lè yo vin gran” e sa se yon kòmansman pou etabli bonjan objektif.

Men kèk konsèy pou n ka reyisi:

1. Ankouraje pitit ou pou l chwazi objektif li e pale avèk li sou rezon ki fè objektif sa a enpòtan pou li.
2. Ekri li e revize li souvan.
3. Kòmanse avèk yon objektif ki tou piti, e ki reyèl.
4. Etabli ti rekonpans ki mache avèk reyalizasyon yon objektif, tankou lè pou gade televizyon oubyen jwe yon jwèt avèk tout fanmi an.

Brought to you by

M-DCPS Office of Community Engagement

@MDCPSCommunity